# ҚУБЛА АРАЛ БОЙЫНЫҢ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ ҲУҚЫҚЫЙ ДЕРЕКЛЕРИ

**Қ.Примбетов,**
**Әжинияз атындығы НМПИ «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими» кафедрасының үлкен оқытыўшысы**

Өзбекистанның Қубла регионы Қарақалпақстан аймағында этно-мәдeният қәлиплесиўи менен бирге экологиялық жағдайлары ҳәм машқалалары пайда болған. Антик дәўирлерде ата-бабаларымыз жер биосфераны қорғаў,тәбияттан үнемли пайдаланыў машқаласында көп әсирлик тәжирийбелер таңланды. Ата-бабаларымыз жер, суў, ҳаўа, өсимлик, ҳайўанатлар дүньясында ҳәм мәрҳумлар қойылған орынларға ҳүрмет етиў кийели деп қараў, ҳәр қыйлы ырым дәстүрлерди орынлаўы менен этногенетикалық яднамалар, мәдений естеликлерди қалдырды. Әййемги «Авесто»-муқаддес китапта инсан жерди, суўды патаслаўы, Күн Кудайы Ахурамаздаға сыйыныў, отқа кийели деп қараў ҳайўанларды (ийт, өгиз, түйе, қой) қәстерлеўи мәрҳумларды арнаўлы орынларда сақлаў мәселелеринде мәмлекетлик сиясат, зорастризм дининиң баслы идеологиясы талабында көрсетпелер берген.

Мәселен зардуштийлардың әййемги «Авесто» китабының Вандидод бөлиминде қоршаған орталықты қорғаўдың ҳукықый өлшемлери орнатылған. Онда инсанлар суў, топрақ, от улыўма тәбият инам еткен барлық нәрселерди пәк ҳәм қандай болса сол ҳалында сақлаўға миннетли екенлиги, суў, топырақ, отты сақлаў қағыйдаларын бузған адамларға 400 қамшы жазасы белгиленгенлиги айтылған. Лекин «Авесто» да жаза санкциясы тәбий объектлерди қырыў яки кемейтириўге қаратылған еди. Суўды патас қылған ямаса аў ийтин өлтирген адам 10 мың руўхыятны тетиклендиретуғын өсимлик жапырағын жыйнаў, 1000 ешкиемер ҳәм сол муғдарда суў қоңызы ямаса кеселлик тарқатыўшы шыбынларды өлтириўи арқалы гүнасын жуўыўы лазым болған.

Ислам ҳуқықы яғный фикҳ илиминиң дереклери тийкарынан Қураны кәрим ҳәм ҳәдислерде ҳайўанларды бағыў, суўғарыў ҳәм бағыў ҳәр бир мусылманның буршы есапланған.

Кимки усы мәжбүриятты орынламаса, ол гүнакар саналып, жәмәәт тәрепинен тәнбеҳқа ушыраған ҳәм оларға дозақ азабында қыйналыў жуўапкершилиги орнатылған. Усы ҳукыкый дереклерге тийкарланған тәризде қараханыйлар династиясынан болыўшы Абул Фазл Аббос 1041-жыл 29-декабрь «Ворух пәрманын» да биринши мәрте экологиялық көринистеги дерек жаратылған. Оның пәрманында төмендеги өлшемлер берилген. «Ҳәр бир аўшы тиришилик дереги болған аўға тек бир жай оғы менен шығыўға мәжбүр, бир оқ пенен аўланған ҳайўан оған несийбе дур. Несийбеден артығы болса оған

макрудыр (ҳарамдур). Ҳайўанларды балалаў пайытында аўлаў мүмкин емес жәниўардың урғашысын, қустың анасын аў қылыў гүнадур….» дейилген.

Барлық ҳуқық тараўлары сыяқлы экология ҳуқықының дереги сыпатында Өзбекстан Республикасы Конститутциясы есапланады. Мәмлекетимиз конститутциясының бир қанша статьяларында тәбиятты қорғаўға байланыслы тийкар етип алынған нызамлар бар.

Конститутциямыздың 50,54,55 ҳәм 100 ши статьяларында тәбиятты қорғаў, байлықларымыздан ақылға сай түрде пайдаланыў менен байланыслы экологиялық ҳуқықый талаплар беккемленген. Конституцияның 50-статьясында «Пуқаралар әтирап тәбиийй орталыққа абайлы қатнаста болыўға миннетли болып есапланады» деп белгиленип пуқаралардың экологиялық миннетлерин конститутция дәрежесинде беккемлейди. Ал конститутцияның 55-статьясында «Жер асты байлықлары суў, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясын ҳәмде басқа тәбиийй қазылмалар улыўма миллий байлық болып олардан ақылға сай түрде пайдаланыў зәрүр ҳәм олар мәмлекет қорғаўында» деп көрсетилген болып, мәмлекет экологиялық сиясатының тийкарғы принциплерин өз ишине алады.

Соның менен бирге Республикамызда тәбияттың ҳәр бөлеги атмосфера ҳаўасы сыяқлы тараўларында да оларды ҳуқықый тәртипке салыўшы нызамлар бар.

Олардың ҳәммесиде экология ҳуқықы дереги есапланады. Солардың бири Өзбекстан Республикасының 1998-жылы 30-апрелде қабыл қылынған жер кодекси жерди ақылға сай түрде пайдаланыў ҳәм оларды қорғаў, тәбиийй орталықты асырап топрақ өнимдарлығын тиклеў. Хожалық жүритиўдиң барлық формаларын тең ҳуқықлық тийкарында раўажландырыў ушын барлық шәрт шараятларды жаратыў мақсетинде жерге байланыслы қатнасықларды қабыл қылған.

“Дийхан хожалығы» ҳәм «Фермер хожалығы» туўрысындағы «Экологиялық экспертиза» мәмлекет жер кадасторы, метрология, стандартластырыў, Радиация қәўипсизлиги, жер асты байлықлары туўрысындағы нызам (1994-жыл 23-сентябрь). ”Суў ҳәм суўдан пайдаланыў туўрысындағы» нызам (1993-жыл 6-май), ”Тоғай туўрысындағы» нызам (1999-жыл 15-апрел), “Атмосфера ҳаўасын қорықлаў бойынша нызам (1994-жыл) ларды көрсетип өтиўимиз мүмкин. Ҳуқық механизми принциплеринде жынаят, пуқаралық, салық, ҳәкимшилик, мийнет ҳуқықларыда дерек болып есапланады. Буннан тысқары Президентимиздиң экология тараўындағы пәрманлары министрлер кеңесиниң қарарлары, министрликлер, мәмлекет комитетлери, жерлердеги мәмлекет ҳәкимиятлардың қарарларыда бул пәнниң дереги деўимиз мумкин.

Президентимиз пәрманлары ҳәм буйрықлары, Олий Мәжилис нызамлары ҳәм қарарлары, ўәкилликли министирликлер, комитетлер басқармалардың миёрий ҳүжжетлери, Қарақалпақстан Республикасының нызамлары ҳәм қарарлары экология ҳуқықының дереги есапланады. Конститутциямыздың 100-статьясында тийкарынан жергиликли мәмлекет ҳәкимияты органларының қоршаған орталықты қорғаўға қаратылған ис илажлары ҳәм қарарлары экология ҳуқықының дереги есапланады. Өзбекистан Республикасы Конститутциясының қағыйдалары ҳәм принциплери тийкарында қоршаған тәбийий орталықты қорғаў, тәбийий ресурслардан ақылға сай түрде пайдаланыў ҳәм халықтың экологиялық қәўипсизликти тәмийнлеўге қаратылған бир қанша нызамлар қабылланды.

Жуўмақлап айтқанда ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде экологияға байланыслы Олий Мажлисите 15 депутатлық орнының тиккелей экологиялық ҳәрекеттиң ағзаларына ажратылыўы мәмлекетимизде экологияға айрықша итибар берилгенлиги көринип турады. Демек, экологиялық ҳуқықтың дереклери әтирап тәбийий орталықты қорғаў, тәбийий ресурслардан ақылға сай түрде пайдаланыў, халықтың экологиялық қәўипсизлигин тәмийнлеў менен байланыслы процесслерде пайда болатуғын социаллық қатнасықларды тәртипке салатуғын нызамшылық ҳүжжетлери системасынан ибарат болып табылады.

Әдебиятлар:

1. Ўзбекистан Республикасы Конститутциясы Т., 2009 ж
2. А.Негматов «Экология ҳуқықы» оқыў қолланба. Т., 1999 ж
3. Жер кодекси. Т., 1998 – ж. 30-апрел
4. Жер асты байлықлары туўрысындағы нызам Т., 1994 ж